

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Métode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Métode Panalungtikan

Métode nya éta cara gawé pikeun maham kana masalah nu jadi sasaran (Fathoni, 2006: 99) métode déskriptif nya éta métode pikeun ngagambarkeun masalah nu keur disanghareupan, ku cara nyusun atawa nyieun papasingan data, nganalisis data, nafsirkeun data, anu satuluyna nyieun kacindekan.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis. Sabab, dina ieu panalungtikan ngagambarkeun rupa-rupa hal anu aya dina kaulinan barudak lembur di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupaten Bogor sarta nganalisis ajén-ajén atikan nu aya dina kaulinan barudak lembur tuluy diterangkeun sacara déskriptif.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik mangrupa cara ngagunakeun métode nu tangtu pikeun ngahontal kana tujuan. Dumasar kana éta hal, dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.1.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

1) Téhnik Observasi

Téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan anu mangrupa hasil rangsangan sacara aktif atawa ulikan sistematis ngeunaan fénoména sosial jeung gejala-gejala psikis nepi ka meunangkeun gambaran nyata ngeunaan kaayaan objék nu rék ditalungtik (Djojosuroto, Spk. 2010: 46). Dina ieu panalungtikan anu jadi bahan observasi nya éta nya éta masarakat di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor.

2) Téhnik Wawancara

Wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data pikeun meunangkeun informasi langsung ti masarakat ngeunaan objék nu ditalungtik. Téhnik wawancara bisa dipaké pikeun ngalengkepan data nu dimeunangkeun ngaliwatan observasi (Djojosuroto, Spk 2010: 47). Dina ieu panalungtikan anu jadi narasumber pikeun di wawancara nya éta salahajji tokoh masarakat di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor.

3) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ti sumber nu mangrupa dokumén jeung rekaman (Syamsuddin, 2009: 108). Dina ieu panalungtikan anu jadi dokuméntasina nya éta rekaman wawancara jeung narasumber, video, jeung poto kaulinan barudak lembur di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor.

3.1.2.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta nganalisis data tina hasil observasi, wawancara, sarta studi dokuméntasi anu dijadikeun bahan dina ieu panalungtikan.

3.2 Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tafsir kana ieu panalungtikan, perlu aya sababaraha istilah nu kudu dihartikeun, di antarana:

- 1) ajén atikan nya éta ajén-inajén ngeunaan hiji pangaweruh nu bakal méré mangpaat pikeun manusa sangkan hirup dina kahadéan. Atawa ajén-inajén nu dimeunangkeun ngaliwatan pangajaran pikeun kahadéan;
- 2) kaulinan barudak nya éta kaulinan anu sok diulinkeun ku barudak lembur nu tujuanana pikeun heureuy atawa lomba bari dihariringkeun ku kakawihan.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat nu digunakeun ku panalungtik nalika ngumpulkeun data. Ku kituna, instrumén dina ieu panalungtikan nya éta format wawancara, format observasi, alat rekam, jeung sistim tabulasi.

Alat rekam nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *camera digital* nu digunakeun pikeun ngarekam, video sarta motoan kaulinan barudak lembur nu aya di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor, format wawancara jeung format observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kaulinan barudak lembur

nu aya di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor ngaliwatan narasumber atawa masarakat nu nyaho kana kaulinan nu aya jeung masih kénéh diulinkeun ku barudak lembur di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor jeung sistim tabél anu tujuanana pikeun nganalisis ajén atikan dina kaulinan barudak lembur di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor.

Sistim tabél digunakeun sangkan gampang dina nganalisis data, sarta gampang nyeiun kacindekan. Ieu di handap tabél-tabél nu bakal dipaké dina nganalisis ajén atikan dina kaulinan barudak lembur.

Tabél 3.1
Kaulinan Barudak Lembur di Désa Sukamaju
Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor

No.	Ngaran Kaulinan

Tabél 3.2
Kode Kaulinan Barudak Lembur di Désa Sukamaju
Kecamatan Cigudeg Kabupatén Bogor

No.	Ngaran Kaulinan	Kode

Pikeun nangtukeun kode kaulinan barudak, sangkan leuwih gampang dianalisisna.

Tabél 3.3
Istilah-istilah Kaulinan Barudak Lembur di Désa Sukamaju
Kecamatan Cigudeg Kabupaten Bogor

No.	Istilah	Kode	Hartina

Pikeun ngartikeun istilah-istilah kaulinan nu aya di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupaten Bogor sangkan gampang dibacana.

Tabél 3.4
Ajén Atikan dina Kaulinan Barudak Lembur di Désa Sukamaju
Kecamatan Cigudeg Kabupaten Bogor

No.	Ngaran Kaulinan	Ajén Atikan		
		Ajén Moral	Ajén Sosial	Ajén Agama
1	2	3	4	5
1.				
2.				

Pikeun ngagampangkeun dina nganalisis ajén atikan anu ngawengku ajén moral, ajén sosial jeung ajén agama nu aya dina kaulinan barudak lembur di Désa Sukamaju Kecamatan Cigudeg Kabupaten Bogor.

Format Observasi

Lokasi Objék :

Ping/jam :

Panalungtik :

Data/hasil panalungtikan

Format Wawancara

Sumber data:
Panalungtik :
Tanggal :
Patalékan	Eusi Ringkesan Data
<p>1. Naha barudak lembur nu aya di Désa Sukamaju kec. Cigudeg kab. Bogor masih kénéh wanoh jeung ngulinkeun kaulinan tradisional Sunda?</p> <p>2. Kaulinan naon waé nu aya di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor?</p> <p>3. Pangaruh naon waé nu nyebabkeun kalindihna kaulinan tradisional ku kaulinan jaman ayeuna?</p> <p>4. Naha aya ajén atikan dina kaulinan barudak lembur nu aya di Désa Sukamaju kec. Cigudeg kab. Bogor?</p>	

3.4 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nya éta ti mana datangna data (Arikunto, 2010: 172). Dumasar kana hal éta, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta

narasumber/informan nu nyaho kana kaulinan barudak lembur boh tina prak-prakanana, boh tina ajén atikanana sarta barudak lembur nu aya di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor anu sok ngulinkeun kaulinan-kaulinan tradisional Sunda.

Narasumber nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta Bapa Madhani salaku tokoh masarakat di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor. lahir di Bogor, 19 Maret 1945, nganjrek di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor. Salian ti Bapa Madhani, sumber data dina ieu panalungtikan ogé nya éta barudak lembur nu aya di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor anu sok ngarulinkeun kaulinan tradisional Sunda.

3.5 Léngkah-léngkah Panalungtikan

3.5.1 Tahap Tatahar

- 1) nangtukeun judul jeung objék panalungtikan;
- 2) ngumpulkeun téori-téori nu aya hubunganana jeung panalungtikan;
- 3) nyusun rarancang panalungtikan;
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

3.5.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Tahap ngumpulkeun data dilakukeun ku cara:

- 1) observasi ka lapangan, wawancara jeung narasumber sarta ngumpulkeun dokuméntasi ngeunaan kaulinan barudak nu aya di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. bogor;
- 2) konsultasi jeung dosén pangaping.

3.5.3 Tahap Ngolah Data

- 1) Niténan data ngeunaan kaulinan barudak lembur nu aya di Désa Sukamaju Kec. Cigudeg Kab. Bogor;
- 2) Milih jeung milah data;
- 3) Analisis data;
- 4) Ngadéksripsiéun ajén atikan nu aya dina kaulinan barudak lembur tuluy dipatalikeun jeung pangajaran basa Sunda nu aya di SD kelas 3 anu disaluyukeun kana SK-KD;
- 5) Nyusun kacindekan;
- 6) Konsultasi jeung dosén pangaping.

3.5.4 Tahap Nyusun Laporan

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtikan nya éta disusun dina wangun skripsi.

Sangkan leuwih jéntré ngeunaan tahap nyusun laporan, saperti ieu di handap.

LEMBAR PENGESAHAN

LEMBAR PERNYATAAN

ABSTRAK

DAFTAR EUSI

DAFTAR TABÉL

DAFTAR GAMBAR

DAFTAR SINGGETAN

DAFTAR LAMPIRAN

BAB I BUBUKA

BAB II KABUDAYAAN, AJÉN ATIKAN, KAULINAN BARUDAK, JEUNG

BAHAN PANGAJARAN

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

BAB IV DÉSKRIPSI JEUNG AJÉN ATIKAN DINA KAULINAN BARUDAK

LEMBUR DI DÉSA SUKAMAJU KECAMATAN CIGUDEG
KABUPATÉN BOGOR

BAB V PANUTUP

DAFTAR PUSTAKA

LAMPIRAN

RIWAYAT HIRUP

